

## Sèt Bagay ou dwe konnen anvan Depistaj Sante w la

### 1. *Ki sa yon tès depistaj sante ye?*

Bilan sante a se yon egzamen konplè sante fizik ak emosyonèl tout manm nan fanmi an, epi li obligatwa nan reyenstalasyon w nan Etazini. Li fèt nan yon klinik espesifik epi se founisè swen sante ki kalifye ki fè li.

### 2. *Kòman pou mwen rive la?*

Jesyonè ka w la ap travay avèk ou menm ak fanmi w pou jwenn pi bon mwayen transpò.

### 3. *Fanmi mwen gen timoun ki gen laj lekòl. Kisa mwen dwe fè nan tès depistaj mwen an?*

Anplis tès depistaj medikal la, yo ap ranpli yon fòmilè tchèkòp inivèsèl byennèt pou timoun pou pitit ou a epi voye li nan lekòl li a, epi yo ap ba li vaksen yo pou li kapab enskri pi vit posib. Fòmilè pou lekòl sa yo ap disponib sèlman yon fwa ou fin ranpli egzamen konplè a, ki ka pran ant 1-3 vizit.

### 4. *Poukisa ou oblige fè yon tès depistaj sante?*

- Pou asire ou menm, fanmi ou, ak kominate w la an sekirite epi an sante.
- Pou w jwenn aksè ak tretman ansanm ak medikaman ki nesesè yo.
- Pou ba w dokiman medikal ki nesesè yo.

### 5. *Ki jan ou ka prepare w pou tès depistaj sante a?*

- Pote dokiman chak manm fanmi an ki disponib yo, tankou: 194s, paspò, dosye medikal, enfòmasyon sou vaksen nan peyi orijin ou, ak lòt dokiman idantifikasiyon ou ta ka genyen.
- Pake ti goute, dlo, kouchèt siplemantè, oswa nenpòt lòt bagay ou ka bezwen pandan w ap tann lan. Randevou yo ka pran plizyè èdtan, paske doktè yo ap eseye wè tout fanmi ou nan yon sèl jou nan objektif pou limite kantite fwa ou gen pou vin nan enstalasyon yo.
- Rive alè pou evite plis reta oswa anilasyon. Tan randevou yo trè estrik nan Etazini.
- Si gen yon ijans oswa yon bezwen ijan, tanpri fè jesyonè ka w la konnen pi vit posib si ou pa kapab kenbe randevou w la.

### 6. *Kisa ou ta dwe atann nan tès depistaj sante a?*

- Premyèman, w ap anrejistre avèk anplwaye ki nan biwo resepsyon an.
- Apre sa, ou ap chita nan yon sal datant pou yo rele doktè a. Tanpri pa ale eksepte nan yon ka ijan. Si ou bezwen sèvi ak twalèt la, pa ezite mande ki kote li ye. Fè resepsyon an konnen si ou oblige soti deyò.
- Lè se ap tou pa ou, yo ap dirige w nan yon chanm egzamen prive kote doktè a ap egzaminen tout manm fanmi yo.
- Pandan egzamen an, founisè swen sante a ap fè yon egzamen fizik, epi li ap poze w kèk kesyon sou sante fizik ak emosyonèl ou.
- Founisè swen sante a ap bezwen konnen non konplè, dat nesans, ak adrès chak manm fanmi an. Tanpri asire w ou genyen enfòmasyon sa yo alekri.

- *Tanpri sonje ke tout egzamen yo mande yon tès san.* Tès sa a ap fèt swa nan klinik la oswa yo apral pwograme li yon lòt kote.
- Anpil egzamen mande tou yon echantiyon poupou. Yo ka voye w lakay ou ak yon twous ak enstriksyon sou fason pou w kolekte echantiyon poupou w la epi retounen li nan klinik la nan randevou swivi w la.
- Tanpri asire w ke ou konplete tès sa yo epi ou rive nan nenpòt pwochen randevou swivi alè. Anjeneral, tès depistaj sante konplè ou a fin reyalize nan de oswa twa vizit, kidonk randevou ki vin apre ou yo enpòtan anpil.
- Lè w fin fè egzamen an, ou ka *mande yon kopi fòmilè tès medikal ou a* pou dosye w yo. W ap resevwa nenpòt lòt dokiman ki nesesè apre vizit swivi ou yo ak fen egzamen ou a, tankou dokiman medikal ki nesesè pou pitit ou yo enskri nan lekòl la.

#### **7. *Ki dwa ou genyen pandan tès depistaj sante a?***

- Chak manm fanmi an gen dwa pou *gwenn menm swen ak sèvis pwofesyonèl*.
- Ou gen dwa pou w resevwa *sèvis entèpretasyon gratis*. Sa yo anjeneral se nan telefòn.
- Ou gen *dwa pou refize nenpòt sèvis* pandan tès depistaj la. Tès depistaj medikal la fêt pou sante ou ak pou byennèt ou, men antanke yon pasyan ou gen dwa bay konsantman w oswa refize nenpòt sèvis medikal.
- Ou gen dwa *eksprime dezi ou pou w wè yon doktè ki gen yon sèks espesifik*. Mande jesyonè ka w la anvan randevou a. Yo ka kontakte klinik la pou eseye fè aranjman pou sa.
- Ou gen dwa pou *w mennen yon konpayon* avèk ou nan sal egzamen an, dapre règleman klinik la konsènan konpayon yo. Paran yo ka toujou akonpaye pitit yo.
- Ou gen dwa a *vi privé*, daprè yon lwa Etazini ki rele HIPAA. Tout enfòmasyon pèsonèl ak sante w yo ap rete konfidansyèl.